भ्रामक समाचार, हल्ला आ अफवाहसभसँ जेना जनजिवन अस्त व्यस्त बनेने छलै, अखन कोरोना भाईरसके महामारीके अवस्था सेहो तेहने छैक । हमसभ् मिलक एकर निराकरणमे महत्वपूर्ण भूमिका निर्वाह क सकैत छी । एहिके लेल अपनासभके विश्वसनिय आ श्रोत खुलल सहि सूचना निर्णायिक तहतक प्रवाह क सकैत छी ।

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।



लकडाउनको थप निर्णय गर्नका लागि क्याबिनेट बैठक

तस्बिर: PMO






## व्यवसायिक ऋणीके २०७६/७७ के चारिम त्रयमास (अषाढ मसान्त) के व्याज रकममे २% छुट करए राष्ट्र बैंकसँ इजाजत प्राप्त "क", "ख", "ग", "घ" बर्गका बैंक तथा वित्तिय संस्थाके निर्देशन देने अछि ।




## लेकिन, ई योजना निम्न व्यवसायमे लागु नहि हेतैक:

- खाद्यान्न प्रशोधन तथा बिक्रि वितरणसँ सम्बन्धित व्यवसाय
- ग्याँस उत्पादन तथा बिक्रि वितरणसँ सम्बन्धित व्यवसाय
- साबुन आ रसायनसँ सम्बन्धित व्यवसाय
- दवाई बिक्रि वितरणसँ सम्बन्धित व्यवसाय
- इन्टरनेट सेवा प्रदायक
- दुरसञ्चार सेवा प्रदायक
- टेलिभिजन सेवा प्रदायक
- रक्सी तथा दारुजन्य उद्योग
- सञ्चालनमे रहल जलविद्युत आयोजना

# हल्ला आ तथ्य




निजि अस्पताल सेहो कोभिड-१९ के परिक्षण करए लागल कहिक सुनैत छी ।

सरकार हालसाले कोभिड-१९ के परिक्षण करएबला प्रयोगशालाके न्युनतम मापदण्डके सम्बन्धमे अन्तरिम निर्देशिका जारी कएलक अछि । एहि निर्देशिका अनुसार मापदण्ड पुरा कएने निजि प्रयोगशालासभके सेहो कोभिड-१९ के परिक्षण करएके रस्ता खुलल अछि । एहिके लेल मापदण्ड पुरा कएने प्रयोगशालाके स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयसँ अलगे अनुमती लेवए परत ।



लकडाउनके समयमे घरेरे रहल सरकारी कर्मचारीके सेवा सुविधा कटौती हेतै ?

चैत ९ गतेक बाद सरकारी कार्यालय, निकाय या उद्योगमे देलगेल छु ी, व्यक्तिगत छु ी कटौती नहि कए सार्वजनिक छु ीमे परिणत हेतै । एहि अवधिमे ओकरसभके तलब लगाएत पाविरहल भत्ता समेत यथावत रहएके सूचना गृह मन्त्रालय नेपाल राजपत्रमे प्रकाशन कएने अछि ।



सामान्य आदमी त त क्वारेन्टाईनमे रहए नहि मानि भागल समाचार सुनैत छी । अपांगता भेलहा आदमी क्वारेन्टाईन या आईसोलेशनमे रहए परत त कि करतै ?

अपांगता भेल आदमी क्वारेन्टाईन या आईसोलेशनमे राखए मे विशेष व्यवस्था करए परैत छै । उपचारके क्रममे व्यक्तिगत सहयोगी, देखभाल करएबला, सांकेतिक भाषा दुभषिया टिप्पणी लिखबला चाहि आ अपांगता भेल आदमीसभके सुरक्षाके सब उपाय अपनाक सेवासभ उपलब्ध कराबएके व्यवस्था करए परत । महिला, बालबालिका तथा जेष्ठ नागरिक मन्त्रालयद्वारा जारी कएलगेल कोभिड - १९ महामारी विरुद्धके अपांगता सम्बन्धी मार्ग निर्देशन २०७७ ओहि बातके सुनिश्चित कएने अछि ।



सरकारद्वारा लकडाउनके अवधिभैर एकटा स्थानीय तहसँ दोसर स्थानीय तहमे सेहो आवागमन बन्द करए कहने छल । लेकिन अखन स्थानीय तह अपने गाडी पठाक काठमाण्डौसँ आदमीसभ ढोरहल छै ने ।

पहिला बेर स्थानीय तहसभ काठमाण्डौसँ बहुते यात्रीसभके लजेबाकलेल गाडीके व्यवस्था कएने छल । एहि सम्बन्धमे जनशिकायत बढलाक बाद गृह मन्त्रालयद्वारा सुरक्षा निकाय आ ७७ टा जिला प्रशासन कार्यालयके परिपत्र जारी करैत सवारी आवाजाहीमे पूर्ण रोक लगावए निर्देशन देने अछि । एहि बीचमे वहुते जिलासँ काठमाण्डौ आवए लागल यात्रीके जतए सँ आएल छल ओतहि फिर्ता पठौने अछि ।

## सूचनाका स्रोतहरू


नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय कोरोना भाईरस रोग (COVID – 19) सम्बन्धी स्वास्थ्य क्षेत्रको प्रतिकाय

जोन्स् होपकिन्स् कोरोना भाइरस स्रोत केन्द्र

स्वास्थ्य र जनसंख्या मन्त्रालय

कोरोना कोष सञ्चालन निर्देशिका, २०७६

कोभिड(१९ को अवस्थाअ

कृषि तथा पशुपंछी विकास मन्त्रालय

नेपाल श्रम शक्ति सर्वेक्षण

सुरक्षित हुन के गर्ने

प्रधानमन्त्री तथा मन्त्रीपरिषदको कार्यालय




# मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमे रहल नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,५२,६६७ नेपाली | ८२,६३० नेपाली | २८,२७६ नेपाली | ४,३७,००९ नेपाली | २३,११,०८८ नेपाली | ८,२५० नेपाली | ४,६९,१३१ नेपाली | ५३,६९१ नेपाली |
| २०,०७७ संक्रमित | ३,४४० संक्रमित | २,८१० संक्रमित | ११,९२१ संक्रमित | ११,३८० संक्रमित | २,१३१ संक्रमित | ५,८५१ संक्रमित | १०,७६१ संक्रमित |
| ४ नेपाली संक्रमित | २१ नेपाली संक्रमित | ४९ नेपाली संक्रमित | २ नेपाली संक्रमित | ७१ नेपाली संक्रमित | | ३ नेपाली संक्रमित | |

गन्तव्य राष्ट्रमे संक्रमित नेपाली

गन्तव्य राष्ट्रमे नेपाली जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमे संक्रमित जनसंख्या



ShramikSanjal

## विदेश सरोकार, ३ समाचार

**कुवेत:** कुवेतमे देलगेल आम माफीके लेल लगभग २,५०० नेपाली अप्पन नाम लिखा चुकल अछि । नेपालीके लेल नाम लिखेवाक समयावधी आब दू दिनमात्रे अछि । करिब ४,००० नेपाली कामदार आम माफीमे सहभागि होबएके अनुमान कएलगेल अछि ।

**साउदी अरव:** साउदी अरब स्थित नेपाली दुतावासमे कामदारके फोन कएलापर नैउठनाई, फेसबुकमे म्यासेज करलापर कोनो प्रतिकृया नहिएनाई जेहन अनेको शिकायत आबिरहल अछि । यदि एहन भेलामे कार्यालय समय भोर ९ बजेसँ १२ बजेतक ०५०००३१७०५ आ दिनके १ बजेसँ ४ बजेतक ०५०००३४७८६ मे फोन करए दुतावास आग्रह कएलक अछि ।

**यु.ए.ई.:** यू.ए.ई.मे रहल नेपालीसभके स्थिति पता लगाब ओतए स्थित नेपाली दुतावास कामदारके अपन विवरण भर आग्रह कएलक अछि । खाए, रह आ नोकरीके अवस्था केहन छै ? नेपाल जाए चाहैत अछि या नहि ? तत्काले छै तल किया ? जेहन विवरणसभ खुलाब परतै । फारम भरके लेल दुतावासके आधिकारीक वेबसाईट www.uae.nepalembassy.gov.np मे जालक भर सकैत छी । केना भरवै कहिक दिक्कत भेलापर कामदार संन्जालद्वारा बनाओल गेल टुटोरियल (प्रशिक्षण) भिडियो देख सकैत छी । ओहि भिडियोमे कामदार सञ्जालके यूट्यूब च्यानल आ फेसबुक पेजमे सेहो देख सकैत छी ।




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी

## संघिय सरकार

तीन वेर कएक नेपाल सरकार
अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याओल
**करिब १ अर्व ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण,
रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमे जम्मा
**करिब २ अर्व १६ करोड**



जम्मा

खर्च

कोरोना भाईरस विरुद्धके गतिविधिमे
नेपाल सरकार कएने खर्च
**करिब १ अर्व ५० करोड**

| प्रदेश | जम्मा रकम | खर्च गारिएको रकम | बाँकी रकम |
|---|---|---|---|
| प्रदेश १ | करिब २८ करोड ८२ लाख | करिब १२ करोड ६ लाख | करिब १६ करोड ७६ लाख |
| प्रदेश २ | ६१ करोड | १७ करोड ७० लाख | ४३ करोड ३० लाख |
| बागमती प्रदेश | ४० करोड | १२ करोड ३२ लाख | १७ करोड ७५ लाख |
| गण्डकी प्रदेश | करिब १५ करोड | ९ करोड २० लाख | ५ करोड ८० लाख |
| प्रदेश ५ | २३ करोड ६० लाख | १३ करोड ६० लाख | १० करोड |
| कर्णाली प्रदेश | ५० करोड | १३ करोड २० लाख | ३६ करोड ८० लाख |
| सुदुरपश्चिम प्रदेश | करिब ४० करोड २७ लाख | २० करोड १९ लाख | २० करोड ८ लाख |

नोटः ई विवरण पूर्ण नहि अछि । उपलब्ध माध्यमसँ संकलित कए राखल गेल अछि ।
आओर सही तथ्यांक संकलन कए परिमार्जन करैत जाएब ।

accountabilitylab NEPAL

# कोरोना महामारीमे सुशासनके सुनिश्चितता

विश्वव्यापी रुपमे फैलरहल महामारी कोरोनाके कारण विश्वेमे सन्त्रास छै । एहिसँ विकासोन्मुख राष्ट्रसभ मात्रे नहि, अल्पविकसित, विकसित राष्ट्रसभ समेत प्रभावित अछि । ई विपत्ति छै, विपत्तिमे सबके सहयोग आ साथ जरुरी अछि । ई आरो जेहन विपत्ति नहिभेलाके कारणे खवरदारीमे समस्या होबए सकैत अछि । ई बिषम परिस्थितीमे सुशासनके मुद्दा ओझलमे परके सम्भावना रहल अछि । तसर्थ निचा देलगेल बातसभमे सरोकारवालासभके तत्काल ध्यान देवके चाहि ।





## १) सूचनाके पहुँचके दायरा बढेनाई:

- एहि विषम परिस्थितीमे सूचना मांगके अवस्था नहि होईछै तसर्थ सरकारके कोरोनाके अवस्थासँ लठक, ईलाज, राहत लगाएतके सबमे लागएबला खर्च खुलासा करवाक चाहि ।
- सरकार अपने सक्रिय भठक स्वस्फूर्त सूचना प्रकाशन आ प्रशारण करवाक चाहि ।
- आम सञ्चार माध्यम वेवसाईट लगाएत सामाजिक सञ्जाल, ई-बुलेटिनसभके व्यापक उपयोग करवाक चाहि ।

## २) राहत वितरणमे पारदर्शिता:

राहतके प्रभावकारी, पारदर्शी बनावएके चाहि । राहतमे सहयोग करएवला व्यक्ति, संघ, संस्था, राहत प्राप्त कएनिहार व्यक्तिसभके नाम, नामेशी नियमित अद्यावधिक करके चाहि । सम्भव होबएतक एकरा अनलाईन प्रणालीमे लजाएबाक चाहि ।





## ३) नियम कानुनके कार्यान्वयन:

बिषम परिस्थितीके कारण देखावैत प्रकृयासभ अवलम्बन नहि केनाई आ हचुवाके भरमे नियम, कानूनके उल्लंघन करवला काज दिस कडा रुपमे रोक लगाएवाक चाहि ।

## ४) नियमनकारी निकायके सकृयता:

कोरोना नियन्त्रणके लेल भेल प्रयाससभमे होबए सकवला सम्भावित अनियमितताके बिषयमे अख्तियार दुरुपयोग अनुसन्धान आयोग, राष्ट्रिय सर्तकता केन्द्र लगाएतके निकायसभ सजग होबएके चाहि ।





## ५) कोरोना नियन्त्रणमे प्रभावकारी एकद्वार प्रणाली:

सरकारके एकद्वार प्रणालीके प्रभावकारी बनेवाक चाहि । एकद्वार प्रणाली मार्फत कोरोना नियन्त्रणके काजसभ होबएके चाहि । जाहिमे नागरिक संलग्नता (citizen engagement) सेहो सुनिश्चित करके चाहि ।

## ६) सकृय हेल्लो सरकार:

सुसुप्त अवस्थामे रहल हेलो सरकारके एहि समयमे सशक्त बनाएक आम नागरिकसभके शिकायतसभ सुनुवाई करके व्यवस्था मिलेवाक चाहि ।





## ७) अनियमिततामे निष्पक्ष छानबिन:


अखुनका अवस्थामे होबएवला अनियमितता, भ्रष्टाचार जेहन घटनाके बिषयमे तत्काल निष्पक्ष छानविन होबएके चाहि ।

**नमस्कार शाह**, सुशासन अभियन्ता, नेपालगञ्ज

सही सूचना

# कि सरकारद्वारा अखनके संकटके अवस्थामे अर्थतन्त्रके उठावके विषयमे कोनो जिज्ञासा रखने अछि ?

## जिलागत कोभिड - १९ क संक्रमित आ ओकरसभहक अवस्था




नेपालमे लकडाउन शुरु भेला एक महिना पुरा भेलअछि । अखनतक कोभिड - १९ के संक्रमण १२ टा जिलामे देखलगेल अछि त, ताजा स्थितिमे अखन ९ टा जिलामे मात्रे एकर संक्रमण छै । देशे भैर देखलजाए त, पर्सा आ उदयपुरमे मात्रे समुदाय स्तरमे संक्रमण होवाक जोखिम देखलजाईत अछि । जलँ दैनिक रुपमे परिक्षणके दर बढाएल जाए आ संक्रमितके सम्पर्कमे आएल आदमीके प्रभावकारी रुपमे परिक्षणके दायरामे लाएल जासके त, देशके बहुते क्षेत्रमे अर्थतन्त्रके चलायमान बनाबएके लेल लकडाउन खोलल जासकैछ अछि ।

एहि अंकमे समेटल गेल हल्ला, सवाल एवम् सूचनासभ, बहुतो संस्था, व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, आ सिभिक एक्सन टिम एहि अप्रिल महिना भितर २००० सं बेसी व्यक्तिसभसंगेके संवादसं संकलन कएलगेल छैक । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दएक हल्ला, सवाल एवम् जिज्ञासासभक चयन कएलगेल अछि । एहि अंकमे समेटल गेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल तिथितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219